

**PANGARUH MODEL PROJECT BASED LEARNING NU
DIBANTU KU MEDIA AUDIO VISUAL KAÉNAN
KAMAMPUHAN MACA PAHAM**

**Ku:
Fadhl Muh Rahayu
215060014**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dilandasan ku masalah nu mindeng karandapan dina prosés pembelajaran, nyaéta rendahna kamampuhan maca pamahaman. Tujuan utama tina panalungtikan ieu nya éta pikeun nyaho pangaruh tina ngagunakeun model Project Based Learning (PjBL) nu dibantuan ku media audio visual kana ningkatna kamampuhan maca pamahaman siswa kelas III sakola dasar. Métode nu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta pendekatan kuantitatif kalayan métode quasi eksperimen, sarta ngagunakeun siswa kelas III di SDN Bojong Mondro, Kabupatén Bandung salaku objek panalungtikan. Jumlah populasi nu diteliti nyaéta 42 urang siswa, kalayan teknik sampling jenuh. Desain panalungtikan nu dipaké nyaéta Nonequivalent Control Group Design, dimana kelas III A dijadikeun kelas ékspérimen jeung kelas III B salaku kelas kontrol. Data dikumpulkeun ngaliwatan pretest jeung posttest, ditambah ku observasi jeung dokuméntasi nu ngadukung. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén penerapan model Project Based Learning dibarengan ku media audio visual miboga pangaruh positif kana kagiatan guru jeung siswa. Aktivitas diajar di kelas ékspérimen ningkat sacara signifikan dibandingkeun jeung kelas kontrol. Rata-rata aktivitas guru di kelas ékspérimen naék tina 73,43% jadi 93,48%, sarta aktivitas siswa naék tina 56,19% jadi 75,43%. Hasil uji hipotesis ku Independent Sample t-Test nunjukkeun nilai signifikansi 0,000 < 0,05, hartina Ho ditolak jeung Ha ditarima. Sajaba ti éta, hasil N-Gain némbongkeun yén kamampuhan maca pamahaman ningkat 48,49% di kelas ékspérimen (kategori sedeng), sedengkeun di kelas kontrol ngan ningkat 24,30% (kategori handap). Rata-rata nilai siswa di kelas ékspérimen nyaéta 77,34 leuwih luhur dibandingkeun jeung kelas kontrol nu ngan meunang rata-rata 63,12. Maka ti éta, bisa disimpulkeun yén modél Project Based Learning ku bantuan media audio visual tiasa ningkatkeun kamampuhan maca pamahaman siswa sacara signifikan.

Kecap Pamageuh: Média Audio Visual, Maca Pamahaman, Modél Project Based Learning (PjBL)